Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 31 (6718) 20 июль 2020 с. Итни ЗулкъагIида 1441 с. Багъа - эркенаб



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Щуго росдал къватIал къачIалел руго

### Данделъиялда халгьабуна «Дир Дагъистан» проектал гIумруялде рахъинариялъул бугеб хIалалъул

**Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул хIаракаталда цере лъурал ва гьес лъикIаллъун рикIкIарал «Дир Дагъистан» проектазул комплекс тIубаялъул бугеб хIалалъул халгьабуна Бакълъулазул районалда.**

Гьел программаби гIумруялде рахъинариялда хурхун церечIарал масъалабазул бицунеб данделъи рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул вакилзаби, районалъул администрациялъул хIалтIухъаби, учреждениязул нухмалъулел ва цогидалги.



«Дир Дагъистан» проектазул комплексалъ гъорлъе рачун руго республикаялъул аслиял бутIаби, лъикIаб рахъалдехун хисулеб буго республикаялъул гьумер, квербакъи гьабулеб буго регион социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе. Бакълъулазул районалда «Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралъулал шартIал» проекталда рекъон МелъелтIа ва ЦIиликь росабалъ унел руго парковиял зонаби гьариялъул хIалтIаби. «Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон, муниципалитеталъул щуго росулъ къватIазе ремонт гьабулеб буго. Администрациялъ подрядниял гIуцIабазе кумек гьабулеб буго бакIал раялъул хIалтIаби лъугIизариялъе.

2019 соналъ гьел проектазул кумекалдалъун Гъоркь Инхо ва ЦIияб Аргъвани росабазул гIадамазе щвана лъималазул байдабиги ругел берцин къачIарал паркал, МелъелтIа ва Ингишо росабалъ къватIазе ремонт гьабуна», - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Федералиял ва республикаялъулал программаби тIураялъул суал жиндирго хъаравуллъиялде босун буго «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. Гьес хIалтIулал дандчIваял гIуцIула республикаялъулал ведомствабазул нухмалъулезулгун, гьелъ квербакъи гьабулеб буго районалда церечIарал масъалаби тIуразариялъе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМА – БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТАРИХ

## Федералиял каналаз бихьизабуна Бакълъулазул районалъул маданият

### НТВ, РЕН ТВ ва цоги телеканалазул журналистал – нилъехъ гьоболлъухъ

**«Гумбет» медиагруппаялъ гIуцIана федералиял телеканалазул къокъабиги гIахьал гьарун иргадулал пресс-турал.**



2020 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIелалъ «Гумбет» медиагруппаялъул журналистаз хъвана лъабазаргоялдаса цIикIкIун цIиял харбал, цадахъ рекъон жигаралда хIалтIи гIуцIана «Яндекс. Новости» порталалъулгун ва Россиялъул цогидалги медийниял сурсатазулгун. Гьединго Бакълъулазул районалда гIуцIана пресс-турал НТВ, щуабилеб канал, РЕН ТВ федералиял телекомпаниялги ва гь. ц. гIахьаллъун. 2020 соналъул июлалда «Гумбет» газеталъ гIуцIана районалде щуабилеб канал ва РЕН ТВялъул журналистазул творческияб сапар.

Федералиял СМИязул вакилзабаз рахъана магIарул васалги ясалги миллияб ретIелги ретIун, централиял каналазда-сан бихьизабуна Кавказалъул хаслъи.

«Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна районалъул журналистаз тIубанго сардал къояз хъвалеб бугин гIагараб ракьалъул хIакъалъулъ, квербакъи гьабулеб бугин машгьурлъи щвеялъе, инвестициял рачIиналъе. «Бакълъулазул районалъул официалияб сайталда, «Харибский перевал» сетевияб изданиялда, машгьурал социалиял гьиназда, «Гумбет» газеталъул гьурмазда медиагруппаялъул хIалтIухъабаз бихьизабулеб буго гIагараб ракьалъул ва республикаялъул гIумру. Нижеца цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIула федералиял ва республикаялъулал СМИязулгун, пачалихъиял ва жамгIиял гIуцIабазулгун. Социалияб институт хIисабалда, гьелъ кумек гьабулеб буго районалъул масъалаби тIуразариялъулъ, информациялъулабгун бичIчIикьеялъул хIалтIи гIуцIиялъулъ, экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде рагъ баялъулъ. Нижеца бутIа лъуна районалда COVID-19-ялда данде къеркьей гьабиялъулъ. РакIалде щвеялъул ва реццалъул сон хIисабалда, лъагIел халаса рахъулел руго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIакъалъулъ материалал. Гьединго цере рахъунел руго Дагъистаналъул адабияталъул классик Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса 175 сон тIубаялъул хIурматалда тадбирал гIуцIулезул цояллъун», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

**«Гумбет» РИО**



НОМЕРАЛДА РУГО:



«Рокьуе ва ритIухълъиялъе гIоло» медаль къуна ГIумардибировазул хъизаналъе
-2 гьум.



Хъизан-лъимал, тарбия къун, тартибалда ругъун гьаре…
-2 гьум.



Муртуз Нажмудинов: «Бакълъулазул районалда COVID-19-ялъ унтарал гьечIо»
-3 гьум.



Рагъул гIахьалчи ва мугIалим МухIамадгъази
3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе. = Инхоса ГIали-хIажи

№ 31 20 июль 2020 с.

ЩУЛИЯБ ХЪИЗАН – ЩУЛИЯБ ПАЧАЛИХЪ

# «Рокьуе ва ритIухълъиялъе гIоло» медаль кьуна ГIумардибировазул хъизаналъе

### МухIамад ва ГIайшат ГIумардибировазул гьунар

**Щибаб соналъул июль моцIалда нилъер улкаялда кIодо гьабула хъизаналъул, рокьул ва ритIухълъиялъул къо. Бакълъулазул районалъул администрациялда гьеб къо кIодо гьабун, рохалилаб ахIвал-хIалалда «Рокьуе ва ритIухълъиялъе гIоло» медаль кьуна МухIамад ГIумардибировасул ва гIумрудул гьудул ГIайшат ГIумардибировалъул хъизаналъе.**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, Инхоса ГIали-хIажиясул цIар кьураб централияб библиотекаялъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев МахIмуд Загьиров, маданиял хIалтIухъаби ва библиотекарал. Дагъистан Республикаялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялъул рахъалдасан грамота ва медаль гьеб хъизаналъе кьеялъул рохалилаб тадбир рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъаргишиевас. Гьес ГIумардибировазда баркана шапакъат, гьарана хадубккунги гьезие талихIаб, рохалилаб, цоцалъ рекъараб цадахъаб гIумру, щулияб сахлъи.

Шапакъат щвеялъе кверБакъарал бетIералда муниципалитеталъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовгун районалъул администрациялъул вакилзабазе баркала кьуна ГIумардибировас, жидер хъизаналъе шапакъат кьей гIуцIаралъухъ ва кIвар буссинабуралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# Хъизан-лъимал, тарбия кьун, тартибалда ругьун гьаре...

### Бакълъулазул районалда тIобитIана балугълъиялде рахинчIезул ишазул рахъалъ комиссиялъул данделъи

**ГIолеб гIелалда гьоркьоб гIадлу-низам хвезаби биччангутIиялъул суалал гьоркьор лъун данделъи тIобитIана балугълъиялде рахинчIезул ишазул рахъалъ комиссиялъ.**



Тадбиралда гIахьаллъана гьеб комиссиялъул председателасул заместитель, районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезул ишазул рахъалъ инспектор, полициялъул капитан МухIамад ХIусейнов, районалъул къайимлъиялъул ва тIалаб-агъаз гьабиялъул рахъалъ бетIерай специалист ПатIимат ГIумарахъаева, балугълъиялде рахинчIезул ишазул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ комиссиялъул жавабияв секретарь СагIид ГIубайдулаев, АТКялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидов, гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъул хIалтIухъан МухIамадрасул МухIамадов, учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъаби.

Данделъиялда гьоркьор лъуна административияв протокол (ч.1, ст. 5.35 РФялъул КоАП), жанир тIамун ругел, эркенлъиялдаса махIрум гьуралъуса риччарал, законалде данде кколарел яргъид гIуцIаразул кьеразулъе ккаразул ва гьезие кумек гьабуразул хъизабазда тарбия кьолел лъималазда гьоркьоб гIадлу-низам хвезе ва гьел берзукьа риччангутIиялда хурхарал суалал.

КДНалъул ва ЗПялъул жавабияв секретарь СагIид ГIубайдулаевас баян гьабуна гьеб данделъиялда халгьабунин балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIул рахъалъ комиссиялъул хIаракатчилъиялъул, гьединал лъималазулгун хIалтIи муниципалиял органазги учреждениязги цадахъ рекъон гIуцIиялъул хIакъалъулъ суалазул.

Данделъиялъул ахиралда балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гIуцIиялъул рахъалъ комиссиялъул председателасул заместитель Рамазан МухIамадовас дандрекъон кколел тIадкъаял кьуна хIалтIи лъикIлъизабиялде ралагьарал.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# МелъелтIа – Гъагъалъ нух гIатIид гьабулеб буго

### 4 километралда хъилги тIезе буго

**Республикаялъул кIвара-лъул МелъелтIа-Гъагъалъ шагьранух ремонт гьабун къачIалеб буго Бакълъулазул районалда. Чанго районалде автотранспорт хьвадула гьенисан хIалтIул заказчиклъун ккола ДРялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул министерство. Тендер бергьараб подрядияб гIуцIилъун ккола «Дорсервис – 09» ООО. ХIисабалде босун буго гьединго гьеб нухлул ункъо километралда хъил тIезеги. Киналго хIалтIаби объекталда лъугIизе ккола 2020 соналъул ахиралде.**



МелъелтIа-Гъагъалъ шагьранух гIатIид гьабулеб буго, цо-цо бакIазда, бетон тIун щулалъиялъе къадал гьарулел руго нухде ракь ччукIун бачIинаредухъ. Нухде чабах баччиялде хIадурлъи гьабулеб буго.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов ва ДРялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул министр Ширухан ХIажимурадов щвана гьеб нухде, халгьабуна хIалтIи кин унеб бугебали.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркала загьир гьабуна Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе ва ДРялъул минтрансалъул нухмалъулев Ширухан ХIажимурадовасе районалъул нухал цIигьарун къачIаялде, муниципалитеталъул цогидал-ги суалал тIураялде кIвар кьуралъухъ.

«Бакълъулазул районалда гIумруялде рахьинарулел руго федералиял ва республикаялъулал анцI-анцI программаби. Хассаб кIвар бугеллъун ккола транспорталъул ва нухазул бутIабазда проектал. Гьанжезаманалда данде кколел автотранспорталъул нухал гьечIони, хIасилал лъикIал рукIунаро социалиябгун экономикияб цебетIеялда. Киналго бакълъулазул ва дирго рахъалдасанги баркала загьир гьабула Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевасе ва ДРялъул транспорталъул, нухазул магIишаталъул министр Ширухан ГIумаханович ХIажимурадовасе, Гумбеталда нухал цIигьариялда хурхарал программаби гIумруялде рахьинарулел рукIиналъухъ. Шагьранухал ремонт гьабун къачIани, нухда авариял дагьлъила, районалъе цебетIей щвела», - ян баян кьуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**



РОСДАЛ МАГIИШАТ

# Хур цIун бачIаги!

### Хъутабазда унеб буго бачIин бакIари

**Бакълъулазул районалъул росабазул росдал магIишаталъул производственниял кооперативаза (СПК) ахиралде щолеб буго хасел бекь бакIари.**

«580 гектаралда рекьун рукIана 2020 соналъул бачIиналъе хаслихъе культураби магIишатазда. Цо хасаб къадаралда хаселбекь жиндир заманалда лъалъазе лъим щвечIолъиялъ бугониги, цогидал гIилабазда банги хвана, тIоцеб бакIариги ахиралде щолеб буго», - ян бицана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул специалист ХIайбула Нажмудиновас.

16 июлалда 495 гектаралдаса тIоцел бакIарун буго районалъул магIишатазда. Гьениса щун буго 1059 тонна хаслихъе культурабазул. Щибаб гектаралдаса гьоркьохъеб хIисабалда 21,4 центнер ккола гьеб. «Данухский» СПКялда 20 гаялдаса 70 тонна тIощалил щвана, цо-цо гектаралдаса 35 центнер, Аргъвани имам Шамилил цIаралда бугеб СПКялда 70 гаялдаса 231 тонна, цо-цо гектар хIисаб гьабун 33 центнер, «Тляратинский» СПКялда 120 гаялдаса 276 тонна, щибаб гектар хIисаб гьабун 23 центнер хаслихъе культурабазул щун буго.

(Ахир- 3-аб. гьумералда)

ТIИБ

## Муртуз Нажмудинов: «Бакълъулазул районалда COVID-19-ялъ унтарал гьечIо»

### Амма цIуна-къай гьаби гьоркьоб къотIизе тезе бегьуларо

**Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудиновас баян кьуна районалда коронавирусалъул инфекциялъул гIодобе биччараб ахIвал-хIал бугин ва муниципалитеталъул сахгьариялъул учреждениязда ковидалъ унтарал гьечIин.**



Гьелъул хIакъалъулъ Муртуз Нажмудиновас бицана Бакълъулазул районалъул кIвар бугел суалал рорхараб данделъиялда.

«ЦРБялъ, участковиял больницабаз ва ФАПаз гIадамазе жиндир заманалда медицинаялъул хъулухъ гьабулеб буго. Сахлъи цIуниялъул учреждениязъ къабул гьарулел руго батIи-батIиял гIузрабаз унтарал гIадамал. ГьабсагIат COVID-19-ялъ унтарал гIадамал районалда гьечIо. Больницаби ва ФАПал хьезарун руго хIажатаб къадаралда медикаментаздалъун. Цойги нухалъ баркала загьир гьабула, захIматаб заманалда пандемиялда данде къеркьезе медиказе кумек гьабуразе. Медицинаялъул хIалтIухъабазе кIудияб кумек гьабуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда райадминистрациялъ, гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъ, ДРялъул Муфтияталъул вакилзабаз, сахаватчагIаз, гIадатиял гIадамаз. Киназего кIудияб баркала», - ян абуна Муртуз Нажмудиновас.

2020 соналъул маялда районалъул централияб больницаялъе щвана хехаб кумекалъул машина ва реанимобиль. 2019 соналъ гьенибе бачIана медицинаялъул хIажатаб кумекалъул цоги машина. Районалъул поликлиникаялда лъуна 6 млн гъурущ багьаяб тарихазулаб флюорограф.

**«Гумбет» РИО**

## Хур цIун бачIаги!

**(Байбихьи - кIиабилеб гьум.)** «Цилитлинский» СПКялда 80 гаялдаса 168 тонна, «Щадбухский» СПКялда 35 гаялдаса 70 тонна тIощалил бакIарун буго, цо-цо гектаралдаса гьезиеги 21-20 центнер щун буго.

«Мехельтинский» СПКялда тIощел бакIарана 170 гектаралдаса. Щибаб гектаралдаса 14,4 центнер гурони щун гьечIолъиялъ гIаммаб къадар 244 тоннаялде гурони бахун гьечIо, июлалъул бакьулълъиялде ругел баяназда рекъон.

**Къурмагъиз ХIадисова**

## 6113 тонна хъачIаб ракIи-хералъул

**ГьедигIанасеб къадар хъачIаб ракIи-хералъул хIадурун буго районалъул анкьго магIишаталъул хъутаsазда. Гьелдасан 5963 тонна тIабигIияб харил ва 150 тонна хьотIол буго.**

Хасалоялде гIи-боцIуе ракIи-хералъул нахърател гьабиялъул хIалтIи гIуцIа-къан унеб буго «Мехельтинский» СПКялда (1500 тонна), «Данухский» СПКялда (500 т.), «Ингишинский» СПКялда (364 т.), «Щабдухский» СПКялда (337 т.). Имам Шамилил цIаралда бугеб СПКялда хIадурун буго 240 тонна хъачIаб ракIи-хералъул, гьелдасан 120 тонна тIабигIияб хер, 120 тонна хьотIол, «Цилитлинский» СПКялда 100 тонна, гьебго къадар харил Гьарадирихъ «Дружба» ва «Гадаринский» СПКяздаги хIадурун буго.

**ХIайбула Нажмудинов**

2020 – РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА РЕЦЦАЛЪУЛ СОН

## Рагъул гIахьалчи ва мугIалим МухIамадгъази

**МухIамадгъази Жамалудинов гьавуна 1910 соналъ Бакълъулазул районалъул ЛъаратIа росулъ. Гьесул эмен Жамалудин вукIана машгьурав гIалим – гIарабист, хIалтIана 15 соналъ Грозный шагьаралда мажгиталда имамлъун, гьединго имамлъи гьабуна ЛъаратIа ва ЧIиркъатIа росабалъ. ГIелму лъалеб букIиналъ гьесде абулаан «Бакълъулазул бугъа» - ян.**

МухIамадгъазил эбел Халумеседо кколаан Бакълъулазул район тун къватIивги машгьурав, гIалим-гIарабист XIX гIасруялъул лъабкъоабилел соназ хIежалде арав Мусалав-хIажил яс. МухIамадгъазил кIудияв инсулги эмен гIалим-гIарабист ГIабдулгъани-хIажи вукIана имам Шамилил цевесев гьудул ва Гумбеталъул наиблъиялда казначейлъун хIалтIана.



МухIамадгъазил 5 сон тIубадал хвана гьесул эмен. ГьитIинго лъазабуна Жамалудиновас гIараб мацI. Къоабилеб гIасруялъул къоабилел соназда лъай щвана Аргъвани росулъ мажгиталда цебе рагьараб мадрасаялда.

1929 соналъ Дагъистаналда культурияб революция байбихьидал, гьес ликпункт лъугIизабуна ва светскияб лъай щвезабизе лъазарул кьучIал лъазаруна, жигаралда гIахьаллъана районалда лъайгьечIолъи тIагIинабиялъулъ. Щвана районалъул культсанштурмалъул штабалъул грамота.

1932 соналъ МухIамадгъазица лъугIизаруна МелъелтIа рагьарал педкурсал, заочно цIалана Буйнакск шагьаралда педучилищеялда. 1932-1934 соназда хIалтIана Данухъ байбихьул школалъул нухмалъулевлъун. Хадуб ЧIиркъатIа байбихьул школалъе нухмалъи гьабуна, хIалтIана МелъелтIа анкьгосонил школалъул цIалул рахъалъ нухмалъулевлъун, Ингишо, ЛъаратIа росабалъ байбихьул школазул нухмалъулевлъун.

1942 соналъул 15 январалда МухIамадгъази Советияб армиялда хъулухъ гьабизе ахIана. ВитIана Дальный Востокалде, гьениб СССРалде дандечIей гьабулеб букIана Япониялъ, лъелал аскаразул миллионилаб армияги гIорхъода лъун, тIаде кIанцIизе хIадурлъун рукIана. Япониялъул армия советиял аскараз щущахъ бихизабуна, МухIамадгъазиги гьеб рагъулъ гIахьаллъана. Унаан разведкаялъ. Цо нухалъ Япониялъул солдатаз гьоркьчIел гьабураб бакIалде ккана ва хвасарлъана хьуцIалъ рахчиялъ. Чанго кьо бана гьениб. Киналго гуро гIадан хьвадуларел хьуцIалъ чIаго хутIарал. МухIамадгъазиги чIаго хутIарал гьалмагъзабиги сахгьаризе госпиталалда регизаруна.

МухIамадгъази мустахIикълъана «Япониялда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло», «БахIарчияб захIматалъе гIоло» медалазе. Гьев рокьове вачIана 1946 соналъ. ТIамуна Аргъвани анкьгосонил школалъул нухмалъулевлъун. Гьениб гьоркьохъеб школа рагьун хадув 1953-1970 соназ хIалтIана авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалимлъун. Лъайкьеялда ракIбацIцIадго гьабураб хIалтIуе гIоло МухIамадгъазие 1959 соналъ кьуна «ДАССРалъул мустахIикъав учитель» абураб хIурматияб цIар. Гумбеталда гьеб цIар тIоцебе щвана Жамалудиновасе. МухIамадгъази къадаралде щвана 1972 соналъ.

Гьесул васаз, гьезулги лъималаз МухIамадгъазил цIар борхатго ккун буго. МухIамадгъазиев МухIамад гIемерал соназ хIалтIана Бакълъулазул районалъул жанисел ишазул отделалъул паспортазул столалъул нухмалъулевлъун. ТIалхIат Жамалудиновас 20-ялдаса цIикIкIун соналъ нухмалъи гьабуна ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъе. ГьабсагIат хIалтIулев вуго Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулевлъун. ХIамзат Жамалудиновас Дагъистаналда тIоцебе цIунана социологиялъул гIелмабазул доктордъиялъул диссертация. ХIалтIана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда, гьабсагIат хIалтIулев вуго педагогикиял кадрабазул махщел камиллъизабиялъул институталъул ректорлъун. ТIалхIатил вас МухIамадгъази ккола юридическиял гIелмабазул кандидат, хIалтIулев вуго вкладазул страхование гьабиялъул агентствоялъул пачалихъияб корпорациялъул департаменталъул директорасул заместительлъун. ХIамзатил лъабго яс гIалимзабилъун рахъана. Зайраца цIунана педагогикиял гIелмабазул кандидатлъиялъе диссертация, гьелъ студентазул лъай борхизабулеб буго Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда. Филологиялъул гIелмабазул кандидат Хадижат ккола махщел камил гьабиялъул централъул директор. Психологиялъул гIелмабазул кандидат ГIайшат хIалтIулей йиго вкладазул страхование гьабиялъул агентствоялъул пачалихъияб корпорациялда.

**Муса Расуловасул «Гумбеталъулал къункърабазул тIелалъулъ» абураб тIехьалдаса**

СТРАНА ГОР И КУЛЬТУР

## Стратегический проект «Культура народов Дагестана» реализуется в республике

**Первый вице-премьер РД Гаджимагомед Гусейнов накануне провёл совещание по вопросу реализации Стратегии социально-экономического развития РД на период до 2035 года.**

На мероприятии также проанализировали темпы воплощения в жизнь стратегического проекта «Культура народов Дагестана». В рамках реализации данного проекта предусмотрено оказать грантовую помощь порядка 80 деятелям культуры. Вице-премьер РД поручил разработать программу по аналогии проектов «Земский доктор» и «Земский учитель» для поддержки культурного процесса в селах республики.



Общественный деятель Набигула Ахмедибиров, комментируя нашему сетевому изданию важность стимулирования народных художественных промыслов Дагестана, сохранения и сбережения языкового и культурного разнообразия Страны гор, подчеркнул, что поддержка этнотуризма позволит республике заявить миру о себе как об уникальной цивилизации, а также послужит социально-экономическому развитию региона.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

# Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

## Постановление

17.07.2020 г. № 77

### О проведении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка

**В соответствии со ст.39 Градостроительного кодекса Российской Федерации, п.3 ч.1 ст.4 Федерального закона от 29.12.2004 №191-ФЗ «О введении в действие Градостроительного кодекса Российской Федерации», ст.28 Федерального закона от 06.10.2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», в связи с обращением собственника земельного участка, расположенного по адресу: с. Мехельта, Гумбетовский район, в местности «Цебемегь» РД, об изменении вида разрешенного использования земельного участка, администрация МР Гумбетовский район.**

**Постановляет:**

1. Провести публичные слушания в форме открытого заседания по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:25:000001:1147 площадью 1168 кв.м расположенного по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта, в местности «Цебемегь» категория земель - земли населенных пунктов, с вида разрешенного использования «личное подсобное хозяйство» на вид разрешенного использования «Предпринимательство -4.0, 18 августа 2020 года в 16 часов 00 минут по московскому времени по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта в здании администрации района.

2. Контроль исполнения настоящего постановления оставляю за собой.

**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Х. С. Магомедов**

# Объявление

с. Мехельта . 17.07.2020 г.

**Администрация МР «Гумбетовский район» сообщает о проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:25:000001:1147 площадью 1168 кв.м, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта, местность «Цебемегъ» категория земель - земли населенных пунктов, с вида разрешенного использования «для ведения личного подсобного хозяйства» на вид разрешенного использования «Предпринимательство» (4.0), 17 августа 2020 года в 16 часов 00 минут по московскому времени по адресу:** Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта в здании администрации района.

Гражданам, проживающим в пределах территориальной зоны, в границах которого расположен земельный участок, и иным заинтересованным лицам просим принять участие в данных публичных слушаниях. Замечания и предложения по вопросам, выносимым на публичные слушания, а также заявки на участие в публичных слушаниях принимаются в течение семи дней с момента публикации данного объявления по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта, администрация района.

Публичные слушания по данным вопросам состоятся 10. 07. 2020 в 16.00 часов по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта, в здании администрации района.

Всех желающих просим принять участие, при себе иметь паспорт.

**Администрация МР «Гумбетовский район» тел. 89289757722**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# Об ответственности за финансирование терроризма и экстремизма

**Под финансированием терроризма понимается предоставление или сбор средств либо оказание финансовых услуг с осознанием того, что они предназначены для финансирования организации, подготовки или совершения хотя бы одного из преступлений, предусмотренных статьями 205, 205.1, 205.2, 205.3, 205.4, 205.5, 206, 208, 211, 220, 221, 277, 278, 279 и 360 Уголовного кодекса Российской Федерации, либо для финансирования или иного материального обеспечение лица в целях совершения им хотя бы одного из этих преступлений, либо для обеспечения организованной группы, незаконного вооруженного формирования, преступного сообщества (преступной организации), созданных или создаваемых для совершения хотя бы одного из этих преступлений (примечание 1 к ст.205.1 УК РФ).**

В ОМВД России по Гумбетовскому району организация работы по противодействию финансирования участников террористических групп и получению упреждающей оперативной информации на лиц, занимающихся финансированием терроризма является одним из приоритетных направлений деятельности.

Сотрудниками полиции продолжается комплекс мероприятий по противодействию финансирования экстремистской и террористической деятельности, направленных на:

- проверку поступающей информации о фактах финансирования членов НВФ, выехавших для участия в боевых действиях на территории других государств. В этих целях подготавливаются соответствующие запросы в банковские учреждения, проводится постоянный мониторинг возможного использования счетов в указанных целях;

- выявление различного рода коммерческих организаций, сотрудники которых возможно оказывают финансовую помощь членам НВФ.

Мероприятия по противодействию финансирования терроризма продолжаются и находится на постоянном контроле у руководства отдела.

Наряду с уголовной ответственностью за финансирование терроризма Российское законодательство устанавливает и административную ответственность.

Так, согласно ст. 15.27 КоАП РФ неисполнение требований законодательства о противодействии легализации (отмыванию) доходов, полученных преступным путем, и финансированию терроризма влечет наложение административного штрафа от 50 тыс. руб. до 1 млн. руб. или административное приостановление деятельности до 90 суток в отношении юридических лиц и наложение административного штрафа от 10 тыс. руб. до 50 тыс. руб. или дисквалификацию на срок от 1 года до 3 лет в отношении должностных лиц. Причем, за административные правонарушения, предусмотренные данной статьей, лица осуществляющие предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, несут административную ответственность как юридические лица.

В ст. 15.27.1 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность в виде административного штрафа на юридических лиц от 10 мл. до 60 млн. рублей за предоставление или сбор либо оказание финансовых услуг, если они предназначены для финансирования организации, подготовки или совершения хотя бы одного из преступлений, предусмотренных статьями 205, 205.1, 205.2, 205.3, 205.4, 205.5, 206, 208, 211, 220, 221, 277, 278, 279, 360 и 361 Уголовного кодекса Российской Федерации.

**Шамиль Мажидов,**
**начальник ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**подполковник полиции**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

# Уважаемые выпускники!

**Профессионально-педагогический колледж имени Расула Гамзатова производит прием студентов на новый 2020-2021 учебный год.**

**1. Подготовка специалистов в колледже, за счет средств бюджета Республики Дагестан, производится по направлениям:**

На базе основного общего (9 кл.) образования.

1. 44.02.02 Преподавание в начальных классах (Учитель начальных классов с дополнительной подготовкой в области русского языка и литературы, родного языка и литературы, математики, английского языка, информатики, психологии, физической культуры, технологии, музыкального воспитания, воспитатель детей дошкольного возраста).

2. 44.02.01 Дошкольное образование (Воспитатель детей дошкольного возраста с дополнительной подготовкой в области музыкального воспитания и изобразительного искусства).

3. 44.02.05 Коррекционная педагогика в начальном образовании (Учитель начальных классов и начальных классов компенсирующего и коррекционно-развивающего образования).

4. 49.02.01 Физическая культура (Тренер, учитель физической культуры).

5. 54.01.20 Графический дизайнер (Графический дизайнер).

**II. На платной основе (оплата 40 тыс. рублей в год)**

1. 49.02.05 Прикладная информатика (Техник-программист).

**Срок обучения:**

на базе основного общего (9 кл.) образования - 3 года 10 месяцев.

Абитуриенты принимаются в колледж без экзаменов, на конкурсной основе.

Имеется заочное отделение (на платной основе, оплата 25 тыс. рублей в год).

по специальностям 44.02.01 Дошкольное образование и 44.02.02 Преподавание в начальных классах, 49.02.01 Физическая культура на базе общего и полного среднего образования.

Документы принимаются с 25 июня по 25 августа 2020 года.

**Наш адрес: г. Буйнакск, ул. Дж. Кумухского, 84.**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.